


**Kesyon Esansyèl:** Kòman Abe te rive chanje lavi Jane?



---

---

---

---

---

---

---

# Jane Fè yon Dekouvèt

Yon bon jou nan mwa septanm 1825, manman ak papa Jane t ap ankouraje l pou l aprann li. Jane te **refize** fè sa. Li te **prefere** travay nan fèm menm jan avèk frè l yo. Jane te telman fache ak paran l, li pran kouri. Lè l t ap kouri li pa t ap gade; se konsa li frape nan pye yon moun ki te chita anba yon pye bwa. Lè l vire gade dèye li we se te vwazen l Abe Lincoln ki t ap li yon liv. Jane rekonèt Abe lamenm, epi l konnen li te yon gwo travayè. Li pat menm jan ak lòt ti mesye Perry County yo. Abe te diferan. Li toujou pase tout tan lib li genyen pou l ap li.

« Kisa w genyen w ap kouri konsa, » Abe mande Jane. « Eske w frape. »

«Mwen byen, » Jane di Abe, «Mwen fache ak paran m paske yo vle pou m aprann li.» Abe gade liv la epi après li gade Jane. «Fè lekti ka chanje vi w.» Abe di Jane.

Abe montre Jane yon liv osijè George Washington. Se te yon liv youn nan pwofesè li te fè l kado. Li li liv la epi Jane chita ap koute. Li li kòman George Washington te **brav** epi kòman li te yon **lidè** ekstraòdinè.

«Yon jou m ta renmen **kouraje** menm jan ak George Washington,» Abe di Jane ak fyète. «Yon jou fòm vin prezidan Etazini tou. »

«M kwè w ap yon bon lidè, » Jane di Abe. «Ou gentan montre ou se yon bon lidè. Ou chanje lide m sou zafè lekti a konplètman. »

Abe souri epi l di: «Al di paran w w ap aprann li. Vin jwenn mwen la chak jou pou n ka li ansanm.»

Nan kòmansman Jane te santi l on ti jan **nève**, men aprèsa li vin santi l byen.

Yon jou apremidi konsa Abe te fè l yon gwo sipriz. Li te fèl kado liv prefere l la.

«Mèsi, Abe. » Jane di l. «Koulye a m konn li; m pa gen dwa jam span li.»

Yon bon jou konsa Jane ouvè yon jounal pou l li epi l wè se zanmi l Abe ki eli prezidan Etazi. Li souri epi sa fè l sonje jou li t ap kouri epi l te frape nan pye Abe ki te chita anba yon pye bwa ki t ap li; jou kite chanje lavi pa l tou.

## Koz ak efè

### Pèsonaj yo:

### Ki kote istwa pase?

#### Koz

Jane te fache paske manman l ak papa l te vle l aprann li

#### Efè

Jane refize epi l pran kouri pou l ta l kalme l.

#### Koz

#### Efè

